

Vòt Alavans
26 Oktòb–3 Novanm

Jou Eleksyon an
5 Novanm

Eleksyon Jeneral Ane 2024 la

Gid Elektè a

**Gid san patipri NYC pou
eleksyon yo depi 1989**

**Pwopozisyon
ki sou bilten
vòt yo**

Jwenn plis enfòmasyon sou nycvotes.org/ht

**NYC
VOTES**

**Yon inisyativ Komisyon pou Finans
Kanpay Vil New York la**

Byenvini nan Gid Elektè 2024 NYC W la!

Vote avèk Entèlijans ak NYC Votes!
Fè lekti konsènan sa ki make sou bilten
vòt la ak divès fason pou vote.

Kilè pou m vote?

- Eleksyon jeneral Eta Nouyòk la pral dewoule
Madi **5 Novanm**.
- Ou kapab vote alavans soti Samdi **26 Oktòb**
rive Dimanch **3 Novanm**.
- Pa gen vòt alavans Lendi **4 Novanm**.

Pou kisa m ap vote?

Fonksyon yo

- Prezidan
- Vis-Prezidan
- Chanm Sena Etazini
- Chanm Reprezantan
- Sena Eta a
- Asanble Eta a

Jij yo

- Kou Siprèm
Eta Nouyòk
- Tribinal Sivil
- Tribinal Siksesyon yo

Lòt

- Pwopozisyon ki sou
bilten vòt yo

Dat eleksyon yo ak Dat Limit

26 Oktòb Dat limit pou enskripsyon elektè
Mande bilten vòt pa lapòs
(sou entènèt oswa pa lapòs)

Vòt alavans ap kòmanse

3 Novanm **Vòt alavans yo fini**

4 Novanm Dat limit demann pou bilten vòt
moun ki absan yo (an pèsòn nan
biwo Konsèy Elektoral la)

5 Novanm **Jou Eleksyon an**
(6:00 am – 9:00 pm)
Dènye jou pou w poste
bilten vòt moun ki absan ou an
oswa depoze l nan yon biwo vòt

Pou jwenn enfòmasyon sou kandida
yo ki sou bilten vòt ou an, ale sou
haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Tabdèmatyè

- | | | | |
|---|--|----|--|
| 3 | Kijan pou w vote | 8 | Kisa fonksyonè ki eli yo fè? |
| 4 | A kisa ou ta dwe atann ou nan biwo
vòt ou a | 9 | Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo pou
Otòn 2024 la |
| 5 | Ki dwa mwen genyen antanke elektè? | 14 | Konsènan NYC Votes |
| 6 | Aksesiblite | 15 | Kesyon yo Poze Souvan |
| 7 | Echantiyon Bilten Vòt | 16 | Kontakte Konsèy Elektoral la |

Kijan pou w vote

Biwo vòt ak Lè pou vote

Chèche biwo vòt ou a ak ki lè pou w vote:

- Vizite nycvotes.org/ht.
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496**.



Vòt pa Lapòs

Gen de opsyon pou vote nan kourye lapòs: 'vote antanke elektè ki absan' epi 'vote alavans'. Si ou gen yon rezon tankou pa egzanp ou malad oswa w ap vwayaje, ou kapab mande yon bilten vòt pou elektè ki absan. Si ou pa gen jistifikasyon, alòs ou ka mande yon bilten vòt alavans.

26 oktòb se dat limit pou w mande bilten vòt ou an sou entènèt, oswa pou Konsèy Elektoral (Board of Elections, BOE) la resevwa demann ou an pa lapòs. Mande yon bilten vòt pou moun ki vote nan kourye lapòs sèlman si ou gen entansyon itilize li vreman. Poutèt yon nouvo lwa Eta a, si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon bilten vòt pou vote nan kourye lapòs, ou dwe vote ak yon bilten vòt sou sèman nan biwo vòt ou a.

Kijan pou mande bilten vòt ou pou vote atravè kourye lapòs:

- Ale sou requestballot.vote.nyc.
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.
- Vizite biwo lokal Konsèy Elektoral Vil Nouyòk ou a. Dat limit la se **4 Novanm** pou w soumèt demann bilten vòt ou a an pèsòn.

Si ou mal pou w wè oswa si ou gen yon andikap

Pou yon lektè ekran kapab dechifre bilten vòt ou a, ou dwe mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib nan requestballot.vote.nyc/accessibility oswa lè w rele nimewo ki anlè a.

Si ou malad oswa andikape yon fason ki pèmanan, ou ka resevwa yon Bilten Vòt moun ki Absan pou chak eleksyon san ou pa bezwen aplike chak fwa. Soumèt yon aplikasyon bay konsèy elektoral konte w lan ki endike yon maladi oswa yon andikap fizik ki pèmanan kòm jistifikasyon.

Swiv Bilten Vòt ou a

Ou ka suiv bilten vòt ou a sou sit Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan requestballot.vote.nyc/tracking.



Vote Alavans

Ou ka vote alavans an pèsòn avan Jou Eleksyon an!

Sa pou ou konnen

- Biwo vòt alavans yo ak biwo vòt Jou Eleksyon an pa fèt menm kote anjeneral.
- Orè yo chanje chak jou, kidonk asire w ou verifeye biwo vòt ou a epi konfime orè pa yo a avan w ale.

Dat vòt alavans yo

Samdi **26 Oktòb** rive Dimanch **3 Novanm**. Pa gen vòt alavans Lendi **4 Novanm**.



Jou Eleksyon an

Vòt yo louvri nan Jou Eleksyon an, **5 Novanm**, soti 6:00 am rive 9:00 pm. Ou dwe vote nan biwo vòt yo deziyen pou ou a.

Lokal biwo vòt yo konn chanje, kidonk pa bliye tcheke adrès la anvan ou ale!

A kisa ou dwe atann ou nan biwo vòt ou a



Prezante w pou yo ka Anrejistre w Lè Ou Rive

Lè ou antre, yon mandatè biwo vòt ap montre w ki kote pou ou anrejistre prezans ou. Li pral chèche nan lis elektè ki enskri yo epi l ap verifye siyati w anvan l ba ou yon bilten vòt.

Konsèy Pwofesyonèl: Si ou resevwa yon Fast Pass nan kourye lapòs Konsèy Elektoral la voye ba w la, mache avèk li pou w ka enskri pi vit!

- * Ou pa bezwen bay yon pyès idantite pou w ka vote, eksepte si w se yon moun k ap vote pou premye fwa epi ou pa t bay yon nimewo Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) oswa nimewo sekirite sosyal lè w t ap enskri pou w vote a.



Ranpli Bilten Vòt ou a

Make Bilten Vòt ou a pandan w ap ranpli oval ki bò kote chwa w fè a nèt.

Si ou fè yon erè oswa si ou gen kesyon konsènan bilten vòt ou an, ou ka mande yon mandatè vin ede w.

- * Sonje pou w tcheke toulede bò bilten vòt ou a pou w pa pèdi anyen.



Eskane Bilten Vòt ou a

Yon fwa ou fin ranpli bilten vòt ou an, yon mandatè ap ede w mete bilten vòt ou a nan eskanè a. Eskanè a ap fè w konnen lè vòt ou a fin arejistre.



Pran estikè ou a

Koleksyone estikè ou a! Kole l sou rad ou, fè chèlbè avè l epi asire w zanmi w ak fanmi w gen entasyon vote tou.

Ki dwa mwen genyen antanke elektè?

Ou gen dwa pou w vote nan eleksyon jeneral la si:

- Ou se yon elektè ki anrejistre nan Vil Nouyòk.
- Ou gen omwen 18 lane epi ou se yon sitwayen ameriken.
- Ou nan liy nan biwo vòt ou an anvan lè pou li fèmen an rive.

Nan kèlkeswa eleksyon an, ou gen dwa pou w:

- Mande yon mandatè pou l ede w, oswa mande yon entèprèt si ou bezwen èd nan lang. Rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandè yo si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan entèprèt yo.
- Mache ak yon moun pou ede w vote (sof anplwayè w oswa yon reprezantan sendikal).
- Mache ak dokiman w, tankou Gid Elektè sa a.
- Vote menmsi machin vòt la anpàn.
- Vote pa bilten vòt sou sèman si non w pa nan lis elektè ki nan biwo vòt ou a.
- Yon Biwo vòt ki aksesib ki pa gen okenn obstak fizik.
- Sèvi ak machin pou vote ki aksesib pou w depoze bilten vòt ou a.
- Vote kèlkeswa kapasite oswa andikap ou genyen an.

Dwa vòt pou moun ki gen yon kondanasyon penal oswa kriminèl:

- Kondanasyon pou enfraksyon ak vyolasyon pa anpeche w vote, menmsi w ap prije pèn nan prizon.
- Si w nan prizon pou yon krim, ou pa kalifye pou w vote. Men, si yo kondane w pou yon krim epi yo sispann santans ou an, ou kapab vote.
- Si yo te kondane w pou yon krim epi yo lage w, ou ka vote. Men, ou dwe enskri ankò pou w ka vote.
- Si ou gen yon kondanasyon pou yon krim federal oswa yon kondanasyon pou yon krim nan yon lòt Eta, ou gendwa enskri epi vote kanmenm Nouyòk.
- Si pou kounye a ou nan pwobasyon oswa libète kondisyonèl, ou ka vote.
- Si pou kounye a ou nan prizon pou yon deli oswa si w ap tann jijman, ou ka vote.

Kimoun ou ta dwe kontakte si w bezwen sipò:

- Si gen yon pwoblèm ak biwo vòt ou an, di yon mandatè sa oswa rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496**.
- Si yo te vyole dwa w, rele nimewo gratis Pwoteksyon Eleksyon an pou w pale ak yon volontè Pwoteksyon Eleksyon ki resevwa fòmasyon pou sa epi jwenn sipò jiridik gratis nan **866-OUR-VOTE (866-687-8683)**.
- Pote plent bay Pwokirè Jeneral Nouyòk la nan **(866) 390-2992** oswa vizite **ag.ny.gov/election-hotline**.

Aksesiblite

Chak elektè nan Nouyòk gen dwa pou li depoze bilten vòt yo. Si w bezwen èd pou w ranpli bilten vòt ou a akòz yon andikap oswa akòz ou pa metrize anglè, genyen asistans ki disponib.

Bilten Vòt Moun ki Absan ki aksesib

Si w gen pwoblèm vizyon oswa ou pa ka make yon bilten vòt an papyè, ou ka toujou vote pa korespondans. Ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan yon lektè ekran kapab li epi tou ranpli l pa mwayen yon òdinatè. Pou mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib, vizite: nycabsentee.com/accessibility oswa rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandè yo.

Sèvis Lang ak Entèpretasyon

Gen entèprèt ki disponib nan plizyè biwo vòt nan vil la. Ou gendwa mande yon moun, yon fanmi w, yon zanmi oswa yon entèprèt, vini ede w konprann ak ranpli Bilten Vòt ou an.

Ou ka dekouvri ki biwo vòt ki pwopoze sèvis entèprèt sou haitiancreole.nycvotes.org/accessibility. Ou kapab rele tou nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)**.

Aparèy pou make Bilten Vòt yo

Aparèy pou make Bilten Vòt (Ballot Marking Devices, BMD) yo disponib nan tout biwo vòt yo pou bay elektè yo, tankou sa yo ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, oswa ki gen yon andikap oubyen yon kondisyon ki ka rann li difisil oswa enposib pou yo make yon bilten vòt ak yon plim, plis aksesiblite.

Si w ta renmen itilize yon BMD, jis mande yon mandatè li! Ou ka itilize l pou w ka wè bilten vòt ou a sou yon ekran afichaj, pou w entèprete l nan lòt lang, oswa pou w koute chwa w yo nan kas.

Aparèy la bay kat fason pou w make Bilten Vòt ou a:



Ekran tòch



Klavye (Bray)



Aparèy pou rale ak soufle nan bouch



Manèt a baskil

- Ou gendwa “ZOOM IN” (Agrandi) pou fè tèks la vin pi gwo, “ZOOM OUT” (Diminye) pou tèks la tounen nan dimansyon nòmal li oswa chwazi “HIGH CONTRAST” (Kontras Elve) pou afiche tèks Bilten Vòt la an blan sou yon fon nwa.
- Epitou ou gendwa repete epi ajiste vitès ak volim son an nan kas la.
- Sonje! Chwa w yo pa definitiv toutotan ou pa antre bilten vòt ou an nan eskanè a epi depoze vòt ou an.
- Si ou ta renmen yon moun ede w antre bilten vòt ou an nan eskanè a, yon mandatè ap ede w.

Echantiyon Bilten Vòt

Echantiyon Bilten Vòt ki anba a la pou demonstrasyon sèlman. Li pa Bilten Vòt reyèl ou a epi si w ranpli l, sa p ap konte kòm vòt ou.

City Council	☐ Candidate A Party 1	☐ Candidate B Party 2
District Attorney Bronx, Queens, Staten Island	☐ Candidate A Party 1	☐ Candidate B Party 2
State Supreme Court Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn	☐ Candidate A Party 1	☐ Candidate B Party 2
Civil Court Judges	☐ Candidate A Party 1	☐ Candidate B Party 2
Surrogate's Court Brooklyn	☐ Candidate A Party 1	☐ Candidate B Party 2



Chwa Bilten Vòt mwen yo

Depi ou fin jwenn enfòmasyon sou pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo, itilize paj sa a pou w ranje chwa kandida ou yo. Ou kapab mache ak sa a ansanm avèk ou nan biwo vòt ou a pou w gade pandan w ap ranpli bilten vòt ou an.

Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt

Pwopozisyon 1	☐ Wi	☐ Non
Pwopozisyon 2	☐ Wi	☐ Non
Pwopozisyon 3	☐ Wi	☐ Non
Pwopozisyon 4	☐ Wi	☐ Non
Pwopozisyon 5	☐ Wi	☐ Non
Pwopozisyon 6	☐ Wi	☐ Non

Rapèl! Gendwa gen fonksyon adisyonèl sou bilten vòt ou an selon pati politik ou ak kote ou abite a.

Ou kapab wè yon echantiyon bilten vòt ou a nan biwo Konsèy Elektoral la nan **findmypollsite.vote.nyc**.

Kisa fonksyonè ki eli yo fè?

Fonksyonè ki eli nou yo gen pou yo pran desizyon ki gen enpak sou travay, lojman, edikasyon, swen sante ak lòt ankò, chak jou. Aprann plis sou fonksyon ki sou bilten vòt ou a.

Pou jwenn enfòmasyon sou kandida yo, ale sou haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Fonksyon Federal yo

Chanm Sena Etazini

Sena a se chanm siperyè Kongrè Ameriken an. Gen 100 manm nan Sena a, sa vle di gen de (2) pou chak Eta. Yo eli pou 6 lane.

Yon pwojè lwa vin lwa lè yo vote li nan chanm Sena a n chanm Depite a epi apre Prezidan an siyen li.

- Ekri vèsyon preliminè lejislasyon an, fè deba epi vote lejislasyon a.
- Konfime nominasyon prezidansyèl yo tankou manm kabinè a, jij Kou Siprèm yo, ak jij federal yo.
- Asire sipèvizyon tout branch gouvènman yo.

Chanm Depite Etazini

Chanm Depite Etazini yo se chanm bas nan Kongrè Ameriken an. Gen 435 manm, chak Eta reprezante pa yon kantite ki pwopòsyonèl a kantite moun yo genyen pa rapò ak popilasyon total Etazini. Yo eli pou 2 lane.

Yon pwojè lwa vin lwa lè yo vote li nan chanm Sena a n chanm Depite a epi apre Prezidan an siyen li.

- Ekri vèsyon preliminè lejislasyon an, fè deba epi vote lejislasyon a.
- Sipèvize tout branch administrasyon leta a.

Fonksyon nan nivo Eta yo

Sena Eta a

Sena Eta a se chanm wot Lejislati Eta a. Gen 63 manm. Senatè Eta yo eli pou 2 lane, men pa gen limit nan konbyen fwa yo ka eli pou yon manda.

- Ekri lejislasyon epi vote sou lejislasyon.
- Apwouve nivo depans Eta a.
- Defann oswa anile veto Gouvènè a.

- Konfime nominasyon Gouvènè a pou ofisyèl Eta a ak jij tribinal yo.

Asanble Eta a

Asanble Eta a se chanm bas Lejislati Eta a. Gen 150 manm. Manm yo eli pou 2 lane, men pa gen limit nan konbyen fwa yo ka eli pou yon manda.

- Ekri lejislasyon epi vote sou lejislasyon.
- Apwouve nivo depans Eta a.
- Defann oswa anile veto Gouvènè a.

Jij yo

Tribinal Siprèm Eta a

Jij Tribinal Siprèm Eta a sipèvize zafè gwo zak kriminel ak pwosè sivil nan distri yo. Tribinal Siprèm lan se tribinal jijman nan Eta New York; Tribinal Apèl la se tribinal ki pi wo a. Jij sa yo egzèsè yon manda 14 zan.

- Li bay jijman sou divòs, separasyon ak pwosedi anilasyon.
- Li jere pouswit penal zak kriminel yo.
- Li jije pwosè sivil ki konsène yon montan ki plis pase \$50,000.

Tribinal Sivil – Konte ak Distri

Jij Tribinal Sivil yo ka reprezante Konte oswa Distri, kidonk ou ka wè plis pase yon jij tribinal sivil sou bilten vòt ou a. Jij yo eli pou 10 lane epi yo jije afè tankou:

- Afè sivil ki plis pase \$50,000.
- Afè ant pwopriyetè ak lokatè epi pwosè ki konsène kenbe estanda lojman yo.
- Pouswit penal enfraksyon yo.

Tribinal Siksesyon yo

Jij Tribinal Siksesyon yo tranche zafè ki konsène patrimwann moun ki te rezide nan Konte a apre lanmò yo. Yo eli pou 14 lane epi yo jije zafè tankou:

- Ka ki konsène afè yon moun ki mouri tankou testaman ak administrasyon patrimwann yo.
- Adopsyon
- Gadyen/Titèl

Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo pou Otòn 2024 la

Pwopozisyon 1 ki sou Bilten Vòt yo

Ajoute Sèten Pwoteksyon nan Deklarasyon Dwa nan Eta yo

Poukisa pwopozisyon sa a sou bilten vòt la:

Pwopozisyon Bilten Vòt 1 an sou Bilten Vòt la ane sa a paske Lejislati Eta Nouyòk la te adopte Amannman pou Egalite Dwa (Equal Rights Amendment, ERA) yo nan de sesyon lejislatif konsekitif. Kounya se tou pa Nouyòkè yo pou yo vote dirèkteman pou deside si Konstitisyon Eta a ap amande oswa si li p ap amande.

Kisa pwopozisyon sa a di:

Li ajoute klotz anti-diskriminasyon nan Konstitisyon Eta a. Li kouvri etnisite, orijin nasyonal, laj, andikap ak sèks, ki gen ladann oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl ak gwosès. Li kouvri tou swen sante repwodiktiv ak otonomi.

Yon vòt “**WI**” mete pwoteksyon sa yo kont diskriminasyon nan Konstitisyon Eta Nouyòk la.

Yon vòt “**NON**” kite pwoteksyon sa yo andeyò Konstitisyon Eta a.

Kisa pwopozisyon sa a vle di:

Pwopozisyon an ajoute pwoteksyon nan Deklarasyon Dwa Konstitisyon Eta a pou entèdi diskriminasyon sou baz etnisite, orijin nasyonal, laj, andikap, ak sèks—ki gen ladann oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, gwosès, ak rezilta gwosès yo. Epitou, l ap pwoteje Nouyòkè ki ap chèche aksè ak swen sante repwodiktif kont diskriminasyon sou baz sa a.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Lalwa ap pwoteje Nouyòkè yo kont diskriminasyon dapre kritè sa yo.

Poukisa 5 pwochen pwopozisyon sa yo sou Bilten Vòt la:

Komisyon Revizyon Ak Konstititif (Charter Revision Commision) 2024 la te revize Ak Konstititif Vil Nouyòk la pou garanti efikasite l ak reyaktivite l pou tout Nouyòkè, li te òganize odyans piblik epi mennen aksyon sansibilizasyon pou solisite opinyon piblik la, epi li te pwopoze senk modifikasyon ki te sigjere yo.

Pwopozisyon 2 ki sou Bilten Vòt yo

Netwaye Pwopriyete Piblik

Kisa pwopozisyon sa a di:

Pwopozisyon sa a ta amande Ak Konstititif vil la pou pwolonje epi klarifye pouvwa Depatman Asenisman an pou netwaye ri yo ak lòt pwopriyete Vil la epi egzije pou yo elimine dechè yo nan kontenè. Si elektè yo vote “**Wi**”, sa va pwolonje epi klarifye pouvwa Depatman Asenisman an pou netwaye ri yo ak lòt pwopriyete Vil la epi egzije pou yo elimine dechè yo nan kontenè. Si elektè yo vote “**Non**”, lwa yo p ap chanje.

Kisa pwopozisyon sa a vle di:

Depatman Asenisman (New York City Department of Sanitation, DSNY) t ap gen plis otorite pou kenbe tout pwopriyete nan vil la pwòp, menm jan pou pak ak mini otowout yo, epi fè machann nan lari yo respekte règ ki an vigè nan lokalite sa yo. Li t ap pèmèt DSNY kontwòle fason Nouyòkè yo dispoze fatra yo deyò pou koleksyon tou.

Si Pwopozisyon sa a pase:

L ap klarifye otorite ak konpetans DSNY pou kenbe vil la pwòp epi etabli règ sou kijan fatra yo dwe kolekte.

Pwopozisyon 3 ki sou Bilten Vòt yo

Estimasyon Adisyonèl pou Kou Lwa ak Mizajou ki Pwopoze yo nan Dat Limit Bidjè yo

Kisa pwopozisyon sa a di:

Pwopozisyon sa a ta amande Ak Konstititif vil la pou egzije yon analiz fiskal Konsèy la anvan odyans yo epi vòt sou lwa yo, otorize analiz fiskal ki soti nan men Majistra a epi mete ajou dat limit bidjè yo.

Si elektè yo vote “**Wi**”, sa t ap amande Ak Konstititif vil la pou egzije yon analiz fiskal Konsèy la anvan odyans yo epi vòt sou lwa yo, epi mete ajou dat limit bidjè yo. Si elektè yo vote “**Non**”, lwa yo p ap chanje.

Kisa pwopozisyon sa a vle di:

Konsèy Minisipal la ap founi yon estimasyon sou kou lwa ki pwopoze yo avan yo vote sou yo. Pwopozisyon an t ap bay Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra (Mayor’s Office of Management and Budget) a opòtinite pou bay pwòp estimasyon depans pa l pou lwa ki pwopoze yo epi mande pou Konsèy la pibliye estimasyon pri yo anvan odyans piblik sou lwa ki pwopoze yo. Pwopozisyon sa a t ap egzije tou pou Konsèy la avèti Biwo Majistra a fòmèlman anvan yo fè odyans piblik oswa vòt sou lwa ki pwopoze yo. Anfen, pwopozisyon sa a t ap pwolonje dat limit pou sèten rapò bidjè nan premye ane yon nouvo administrasyon Majistra a, epi pwolonje yon fason pèmanan delè pou Majistra a pibliye bidjè anyèl Vil yo.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Li t ap etabli yon nouvo wòl pou Majistra a nan evalye kou lwa yo anvan yo pase yo epi egzije pou estimasyon kou ki soti nan Konsèy la ak Majistra a disponib anvan yo konsidere lwa ki pwopoze yo nan odyans piblik yo. Li t ap bay Majistra a plis tan tou pou l prepare bidjè anyèl Vil la anvan li prezante l bay Konsèy Minisipal.

Pwopozisyon 4 ki sou Bilten Vòt yo

Plis Preyavi ak Tan anvan Vòt yo sou Lejislasyon Sekirite Piblik

Kisa pwopozisyon sa a di:

Pwopozisyon sa a ta egzije plis preyavi piblik ak tan anvan Konsèy minisipal la vote sou lwa ki respekte operasyon sekirite piblik Depatman Lapolis, Depatman Sèvis Koreksyonèl oswa Depatman Ponpye yo. Si elektè yo vote “**Wi**”, sa ap mande plis preyavi piblik ak tan anvan Konsèy Minisipal la vote sou lwa ki respekte operasyon sekirite piblik Depatman Lapolis, Depatman Sèvis Koreksyonèl oswa Depatman Ponpye yo. Si elektè yo vote “**Non**”, lwa yo p ap chanje.

Kisa pwopozisyon sa a vle di:

Konsèy la dwe bay 30 jou avni anvan yo vote sou lwa sekirite piblik ki gen enpak sou Depatman Lapolis (Police Department), Depatman Sèvis Koreksyonèl (Department of Correction), oswa Depatman Ponpye (Fire Department). Pandan tan sa a, Majistra a ak ajans Vil ki afekte yo ka òganize odyans piblik tou pou tande plis opinyon piblik la.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Majistra a ak ajans ki afekte yo ka itilize peryòd 30 jou a pou òganize odyans piblik sou pwopozisyon an.

Pwopozisyon 5 ki sou Bilten Vòt yo

Planifikasyon Kapital

Kisa pwopozisyon sa a di:

Pwopozisyon an ta amande Ak Konstitif vil la pou mande pis detay nan evalyasyon anyèl enstalasyon yo Vil la, egzije pou bezwen enstalasyon yo oryante planifikasyon imobilizasyon yo epi mete ajou dat limit pou planifikasyon imobilizasyon yo.

Si elektè yo vote “**Wi**” sa ap mande plis detay lè evalyasyon bezwen antretyen enstalasyon vil yo, l ap mande tou pou enfòmè sou bezwen planifikasyon kapital la, epi mete ajou dat limit planifikasyon kapital sa. Si elektè yo vote “**Non**”, lwa yo p ap chanje.

Kisa pwopozisyon sa a vle di:

Vil la sipoze evalye depans pou antretyen enstalasyon, enfrastrikti, ak envestisman minisipal yo epi pibliye evalyasyon sa yo nan rapò planifikasyon kapital yo.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Sa t ap elaji kritè yo itilize pou evalye depans pou antretyen pwopriyete vil la. Pwopozisyon an t ap modifye dat fikse pou rapò planifikasyon kapital yo tou ak dat odyans piblik asosye a.

Pwopozisyon 6 ki sou Bilten Vòt yo

Antrepriz Biznis ki pou Minorite ak pou Fanm (Minority and Women-Owned Business Enterprises, MWBES), Pèmi pou Fim, ak Konsèy Revizyon Achiv

Kisa pwopozisyon sa a di:

Pwopozisyon sa a ta amande Ak Konstititif vil la pou etabli Ofisye an Chèf pou Divèsite Founisè (Chief Business Diversity Officer, CBDO), otorize Majistra vil la pou nonmen biwo a ki bay pèmi pou film epi konbine konsèy achiv yo.

Si elektè yo vote “**Wi**”, sa t ap etabli Ofisye an Chèf pou Divèsite Founisè a pou sipòte Antrepriz Biznis ki pou Minorite ak pou Fanm, otorize Majistra vil la pou nonmen biwo Ki bay pèmi pou sinema, epi konbine de konsèy yo. Si elektè yo vote “**Non**”, lwa yo p ap chanje.

Kisa pwopozisyon sa a vle di:

Pwopozisyon an t ap kreye yon nouvo wòl pou sipòte MWBE yo, sa t ap pèmèt Majistra a nonmen ki ajans k ap bay pèmi sinema yo, epi fizyone de konsèy k ap jere achiv vil la pou l fe youn.

Si Pwopozisyon sa a pase:

L ap revize Ak Konstititif la pou fè chanjman sa yo.

Konsènan NYC Votes

NYC Votes se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay (Campaign Finance Board) Vil New York la, ajans minisipal endepandan ki ap veye pou eleksyon lokal yo ekitab, enklizif epi transparan.

Nou ankouraje patisipasyon elektè yo ak kandida yo pou Fonksyonè ki Eli nou yo ka reponn ak bezwen divès kominote nou yo, epi ak pwoblèm ki enterese elektè yo.

Nou fè sa lè nou bay Nouyòkè ki gen mwens tandans pou yo vote yo mwayen, lè nou redui obstak pou moun vin kandida pou yon fonksyon epi lè nou ofri solisyon pou amelyore sistèm eleksyon nou an. NYC Votes kolabore ak òganizasyon kominotè, volontè epi ak lòt ajans minisipal pou enskri, edike epi motive elektè yo toupatou nan vil la. Objektif nou se pèmèt tout Nouyòkè pi byen konprann pwosesis elektoral la gras ak yon dyalòg onèt sou fason eleksyon nou yo fonksyone ak poukisa yo enpòtan.

Kreye depi 1988, ajans la bay moun New York yo enfòmasyon sou kandida ki nan Bilten Vòt yo a epi kijan y ap finanse kanpay yo. Pwogram fon an kontrepati nou an pèmèt nou asosye chak \$1 yon donatè lokal bay jiska \$8, pou finansman vil la, pou ankouraje kandida vil yo konsantre yo sou kominote yo a olye pou yo konsantre yo sou enterè patikilye yo.

Pwogram Fon an kontrepati

Fè don bay kandida lokal ke w ap sipòte yo pou yo ka fè kanpay efikas nan tout vil la.

Don ou an pèmèt kandida yo anplwaye moun, kreye materyèl pou kanpay, epi atenn plis elektè nan kominote w la. Kontribisyon w lan ale pi lwen toujou lè w sipòte kandida ki patisipe nan pwogram fon kontrepati vil la. Don rezidan Vil yo bay pou kandida k ap patisipe yo ka marche yo a 8-pou-1. Sa vle di lè ou bay \$10, kandida a resevwa \$90.

Jwenn plis enfòmasyon sou kontrepati pwogram fon yo.

Pwogram sa a pèmèt nou asire ke kanpay pou biwo lokal yo tankou Konsèy ak Majistra Vil yo te fonde ak yon ti kantite lajan donasyon Nouyòkè yo, e pa avèk enterè patikilye. Sa vle di tou kandida ki pa rich men ki gen gwo sipò kominote a kapab gen mwayen pou yo poze kandidati yo, sa ki kreye yon gouvènman ki pi divèsifye ak pi reprezantatif. Nan eleksyon 2021 Vil New York la, plis pase 83% nan kandida lokal yo te deklare fon an kontrepati yo te esansyèl pou yo te ka poze kandidati yo.



Kontribiye nan
contribute.nycvotes.org

Kesyon yo Poze Souvan yo

Jeneral

Mwen fèk vote nan mwa Avril epi/oswa Jen. Kijan eleksyon 5 Novanm yo diferan?

Pi bonè ane sa a, NYC te òganize eleksyon primè pou deside ki kandida ta reprezante pati politik yo nan Eleksyon Jeneral 5 novanm la. Se sèlman manm pati politik yo ki kalifye pou yo vote nan eleksyon primè yo. Nan Eleksyon Jeneral la, elektè NYC yo pral deside ki kandida pral eli koumanse nan mwa janvye.

Tout moun nan vil Nouyòk ki enskri ki elijib ka vote nan dat 5 novanm.

Kisa yon Eleksyon Jeneral ye?

Nan eleksyon jeneral la, kandida ki soti nan diferan pati ap afwonte youn lòt pou yo ka genyen yon fonksyon yo atribye atravè eleksyon. Ou ka vote pou nenpòt kandida ki nan nenpòt pati pou chak fonksyon ki sou Bilten Vòt la. Ou ka vote “wi” oswa “non” tou pou Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo. Tout elektè ki te enskri nan dat limit la elijib pou yo vote nan yon eleksyon jeneral.

Kòman mwen ka verifye si mwen te enskri pou vote?

Vizite voterlookup.elections.ny.gov oswa rele nan Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.

E si mwen te deplase anndan Vil Nouyòk la depi dènye fwa mwen te vote a?

Lè w demenaje, ou ta dwe chanje adrès ou nan Konsèy Elektoral la lè w soumèt yon nouvo fòm enskripsyon elektè. Konsèy Elektoral la dwe resevwa chanjman adrès ou anvan 26 oktòb 2024. Rele nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo pou chèche konnen si yo te trete chanjman adrès ou an.

Si adrès ou poko aktyalize, ou kapab vote nan Biwo vòt kote yo make pou nouvo adrès ou lè ou mande yon Bilten vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an.

Vòt pa Lapòs

Èske mwen toujou kalifye pou vote an pèsòn si mwen mande yon Bilten Vòt pou vote nan kourye lapòs?

Si w mande yon Bilten Vòt pou vote nan kourye lapòs, ou dwe planifye pou w vote avèk li. Ou ka depoze Bilten Vòt ou an nan nenpòt ki biwo vòt pandan biwo vòt yo ouvè. Sepandan, si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon Bilten Vòt pou vote nan kourye lapòs, ou dwe vote ak yon Bilten Vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an. Bilten Vòt sa a ap parèt diferan. Mande yon moun k ap travay nan biwo Vòt la èd si ou bezwen sa.

Èske mwen dwe mete tenb si m ap poste Bilten Vòt mwen an?

Ou pa bezwen ajoute yon tenb. Sepandan, pa bliye voye tounen nan kourye lapòs Bilten Vòt ou an kou sa posib. Li dwe gen So lapòs la anvan Jou Eleksyon an pou li ka valid.

Èske mwen ka depoze Bilten Vòt Moun k ap voye nan kourye lapòs mwen an nan Biwo vòt mwen an?

Wi! Ou ka depoze Bilten Vòt Moun k ap vote nan kourye lapòs ou an nan nenpòt Biwo vòt vil Nouyòk. Bwat pou Bilten Vòt yo ap disponib nan gichè resepsyon an. Ou pa bezwen ajoute yon tenb.

Èske mwen ka swiv Bilten Vòt mwen an aprè mwen fin retounen li?

Wi! Ale sou requestballot.vote.nyc/tracking.

E si gen yon pwoblèm ak Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an? Èske mwen ap gen posibilite pou m korije li? Kijan?

Konsèy Elektoral la dwe enfòme w dapre lalwa si gen yon erè ki reparab sou anvlòp Bilten Vòt ou a tankou yon siyati ki pa la oswa ki pa kòrèk. Si gen yon erè nan Bilten Vòt ou an ki ka repara, y ap kontakte ou pa lapòs, imèl, telefòn (si li disponib) nan yon delè 1 jou apre yo fin dekouvri erè a. W ap gen jiska 7 jou pou w korije erè a lè w voye tounen yon afimasyon ou siyen.

Èske ou gen plis kesyon? Ou ka voye yon imèl nan nycvotes@nycfb.info kontakte nou sou Instagram, Twitter oswa Facebook.

Èske ou gen plis kesyon?

Vizite haitiancreole.nycvotes.org/faqs! Ou ka voye yon imel ba nou tou nan nycvotes@nycfb.info, oswa voye yon mesaj ba nou sou Instagram, Twitter oswa Facebook (@nycvotes).

Mete enfòmasyon ou yo ajou ansanm ak Konsèy Elektoral la

Nou jwenn non ou ak adrès ou nan lis elektè ki enskri yo ke Konsèy Elektoral Vil New York la konsève nan biwo li. Si ou te resevwa Gid Elektè sa a nan kourye lapòs men se pa non ou ki sou li, oubyen si destinatè a deplase oswa si li mouri, notifye Konsèy Elektoral la pou yo ka korije dosye yo.

Konsènan Gid Elektè a

Daprè lalwa, NYC Votes dwe voye yon Gid Elektè bay chak fwaye ki genyen yon elektè ki enskri nan vil Nouyòk pou eleksyon minisipal yo. Nou voye yon gid an Anglè ak an espanyòl pou chak Elektè ki enskri, epi an Chinwa, Koreyen ak Bengali bay Elektè ki nan zòn sible yo dapre done resansman yo.

Vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates pou w aprann sou kandida yo ki sou bilten vòt ou an.

Gid Elektè pou Eleksyon Jeneral Vil Nouyòk 2024 a. Dwa dotè © 2024 se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la. Tout dwa rezève. Se Bellweather ki fè konsepsyon an. Pwodui Ozetazini.

Kontakte Konsèy Elektoral la

Konsèy Elektoral la òganize eleksyon nou yo epi se li ki responsab pou kenbe baz done elektè ki enskri yo, siveye silten vòt yo, konte bilten vòt yo epi rapòte rezilta eleksyon yo. Ou ka mete enskripsyon w lan antanke elektè ajou, aplike pou yon bilten vòt moun ki absan, aplike pou w yon travayè nan sondaj biwo vòt oswa kòm entèprèt lang, ak lòt ankò nan Konsèy Elektoral Vil New York la. Nou pa fè pati Konsèy Elektoral la.

Vizite vote.nyc pou jwenn plis enfòmasyon.

Orè fonksyònman nòmal yo

9: 00 am pou 5: 00 pm, Lendi pou rive Vandredi, epi pandan wikenn anvan ak nan Jou Eleksyon an. Tcheke vote.nyc pou operasyon plizyè èdtan oubyen apèl **866-VOTE-NYC** oubyen (**TTY 212-487-5496** pou moun ki pa tande byen yo).

	Adrès	Nimewo telefòn
Biwo Jeneral	32-42 Broadway, 7th Floor New York, NY 10004	212-487-5400
Bronx	1780 Grand Concourse, 5th Floor Bronx, NY 10457	718-299-9017
Brooklyn	345 Adams Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201	718-797-8800
Manhattan	200 Varick Street, 10th Floor New York, NY 10014	212-886-2100
Queens	118-35 Queens Boulevard, 11th Floor Forest Hills, NY 11375	718-730-6730
Staten Island	1 Edgewater Plaza, 4th Floor Staten Island, NY 10305	718-876-0079